# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–14 मार्च 2025 भोजपुरी समाचार

होली का तिउहार आजु प्रदेसभर में खुसी अउर उछाह के साथे मनावल गइल। लोगि सज्जों भेदभाव भुला के भिन्ही से दुपहरिया ले रंग अबीर आ गुलाल से होली खेललें त संझा होते एक दूसरे के घरे जा के होली मिलन क सिलसिला सुरू हो गइल। गोरखपुर में होली क सबसे खास बात भगवान नृसिंह क रंगभरी सोभा जतरा में मुख्यमंत्री योगी आदित्नाथ क परंपरिक रूप से सामिली भइल रहल। मुख्यमंत्री भगवान नृसिंह के आरती उतरले के बाद लोगिन के बिच्चे फूल आ गुलाल से जमके होली खेललें। ऐह मौका पर उहां के कहली कि होली जइसन सनातन तिउहार हम्मन के धरम अउर सांच के राहि पर चलति एकवट रहले के प्रेरणा देला। उहां के कहलीं कि ऐही से बिकसित भारत के सपना पूरा होई।

**प्रधानमंत्री मोदी जी ने देशवासियों के सामने विकसित भारत का एक संकल्प दिया। विकसित भारत तभी विकसित हो सकता है हमारा भारत तभी विकसित हो सकता है जब वह एक होगा, एक होगा तो श्रेष्ठ होगा, श्रेष्ठ होगा तो दुनिया की कोई ताकत इसे विकसित बनने से रोक नही सकता।**

अजोध्या में होली क उछाह चरम पर रहल इहवां होली क सुरूआत भगवान रामलला के बिग्रह के गुलाल लगा के कइल गइल अउर रामलला के पिचकारी धारण करावल गइल। कासीयो में होली क बहुते उछाह रहल। अनोखा तरीका से होली मनवले बदे मसहूर कासी में भिन्हीये से रंग क बारिस सुरू हो गइल। भक्त लोगि बाबा विश्वनाथों के गुलाल भेंट कइलें। मथुरा समेत प्रदेस के सज्जो जिला में होली तिउहार धूमधाम से मनावल गइल।

**********

राज्यपाल आनंदीबेन पटेल अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ होली तिउहार पर प्रदेस वासिन के सुभाकामना दिहले हवें। मुख्यमंत्री कहलें कि ई तिउहार हम्मन के सीख देला कि एकता से देस अखंड रही।

**********

पूर्वोत्तर रेलवे के वाराणसी मंडल क औड़िहार–भटनी रेलखंड क दुल्लहपुर, जखनिया आ सादात स्टेसनन के बिच्चे दोहरीकरण काम के चलते आजु से तेइस मार्च ले प्री इंटरलॉकिंग काम होइ। चौबीस से छब्बीस मार्च ले नान इंटरलॉक होई। पूर्वोत्तर रेलवे के मुख्य जन संपर्क अधिकारी पंकज कुमार सिंह बतउलें कि एकरे चलते चउबीस से छब्बीस मार्च ले बनारस–भटनी वाराणसी सिटी पैसेंजर अउर पचीस आ छब्बीस मार्च के गोरखपुर–बनारस–गोरखपुर एक्सप्रेस नाही चली। कई गाड़ियन के रहियो में बदलाव कइल गइल हौ।

**********

केन्द्रीय माध्यमिक शिक्षा परिषद–सीबीएसई बरहवीं क हिन्दी परीक्षा बदे बड़हन सहुलियत देत हिन्दी क परीक्षा एक बेरी अउरियो करावे क फइसिला कइले हौ। परीक्षा नियंत्रक बतउलें कि देस में कुछु जगहिन पर काल्हियो होली मनावल जाई। ऐही से अइसन जगहिन के परिक्षार्थियन के एगो अउरी मौका दिहल जाइ।

**********

सरकार अब सज्जो प्राईवेट अस्पतालन बदे जन्म–मृत्यु प्रमाण पत्र क पंजीकरण सिविल रजिस्ट्रेशन सिस्टम पोर्टल पर कइल जरूरी कइ दिहले हौ। ऐह अस्पतालन से मरीजन के छुट्टी दिहले के समय उनके संबंधियन के जन्म–मृत्यु प्रमाण पत्र दिहल जरूरी होई।

**********

मौसम विभाग आवे वाला 36 घंटा में राज्य के पच्छु जिलन में गरज चमक के साथे बरखा के पूर्वानुमान जारी कइले हौ। मौसम वैज्ञानिक मोहम्मद दानिश बतउलें कि दुइ से तीनि दिन्न में तापमान में गिरावट आई।

***जैसा कि पश्चिमी स्ट्रोक सक्रिय है। पश्चिमी उत्तर प्रदेश से ये आने वाले चार दिनों तक बना रहेगा। जिस वजह से प्रदेश के अधिकांश क्षेत्रों में बदलों की आवाजाही रहेगी। इस वजह से पश्चिमी उत्तर प्रदेश में हल्की बूंदाबादी गरज चमक के साथ तापमान में 2 से 3 डिग्री आने वाले दिनों में थोड़ी कमी देखने को मिलेगी।***

**********

भारत दिल्ली में भइल विश्व पैरा एथलेटिक्स ग्रॉ–प्री 2025 में जोरदार प्रदर्शन करत 45 स्वर्ण, 40 रजत अउरी 49 कांस्य समेत कुल 134 पदकन के साथे पहिला नबर पर रहल। भारतीय एथलीट्स ट्रैक एंड फील्ड मोकाबिला में बहुते बढ़िया प्रदर्सन कइलें। पुरुष शॉटपुट में भारत सज्जो पदक जीत लिहलस। सागर 11 दसमलव चार–सात मीटर गोला फेक के स्वर्ण पदक जीतलें। जंका सिंह रजत अउर बालाजी राजेन्द्रन कांस्य पदक पवलें, 200 मीटर दउड़ में विनय, रजत अउर अभिषेक बाबा आ साहिब जाधव कांस्य पदक जीतलें। महिला 200 मीटर मोकाबिला में प्रीति पाल कांस्य पदक जीतलिन।

**********